



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 6/9/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE EKSPANSYON KREDI POU PWODIKSYON BWASON  
ALKÒL POU ENKLI ENDISTRI DIVEN, BWASON AK SIDR**

***Yo prevwa kredi taks la ap sèvi pwodiktè bwason atizanal yo \$4 Milyon sou  
pwochen dezan yo***

***Degistasyon gratis pou kliyan yo egalman san taks pou etablisman diven, brasri  
ak distilri yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse Kredi pou pwodiksyon byè te elaji pou enkli endistri diven New York, bwason, ak sidr. Kredi a, kounye a ki refere tankou Kredi Pwodiksyon Alkòl, prevwa pou l ekonomize etablisman diven, distilri ak sidri yo \$4 milyon dola anplis sou pwochen dezan yo sa ap pèmèt yo re-vesti nan biznis yo.

“New York se sant prensipal nan yon endistri bwason atizanal kap boujonnen e administrasyon sa te travay di pou koupe sou fòmalitye administratif epi diminye depans pou ede ankouraje plis kwasans,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Aksyon sa yo kontinye efò nou yo e li pral ede etablisman diven, sidri ak distilri yo nan chak kwen nan eta pou re-vesti nan biznis yo epi kreye travay ansanm avèk aktivite ekonomik.”

Kredi a disponib chak ane pou biznis bwason atizanal yo kap pwodui 60 milyon galon oswa mwens byè oswa sidr, 20 milyon galon oswa mwens diven, ak 800,000 galon oswa mwens likè nan Eta New York. Ekspansyon an anviyè pou ane taks 2016 la. Li te enkli nan Bidjè Eta 2016-17 ki te adopte a, e li chita sou kredi pwodiksyon byè, ki te lanse nan 2012. Jiska dat, Kredi Taks Pwodiksyon Byè te ekonomize brasri New York yo \$11 milyon dola.

**Komisyone Taks ak Finans Eta New York Jerry Boone te deklare,** “Lè nou elaji kredi taks enpòtan sa, Gouvènè Cuomo ap bay endistri bwason atizanal la plis sipò pou pwodiksyon byè, sidr, diven ak bwason yo, ede nan siksè kominote yo. Brasè, pwodiktè diven ak distilri yo kounye a pral gen plis lajan nan pòch yo pou grandi biznis yo epi kontinye bay bwason atizanal ke konsomatè yo te vin pwofite.”

**Komisyone Agrikilti Eta Richard Ball te deklare,** “Endistri bwason atizanal la ap pwospere nan New York grasa rekonpans enpòtan ak investisman ki soti bò kote Gouvènè Cuomo. Ekspansyon kredi taks pou pwodiktè sa yo se yon lòt fason nap travay pou fè etablisman biznis isit la nan New York vin pi fasil. Kòm etablisman diven, brasri, sidri ak distilri nou yo ap grandi, yo ogmante itilizasyon yo nan engredyen New York yo, ede pou ranfòse kominote agrikilti nou an.”

**Prezidan State Liquor Authority Vincent Bradley te deklare,** “Lè nou redwi taks, frè ak dokiman, anplis pou adopte chanjman inovè sou likè eta, politik ak règlemantasyon, Gouvènè Cuomo te ede kontribye nan re-aparyasyon manifakti atizanal kap kontinye grandi, kreye travay ak stimile devlopman ekonomik ak touris nan chak kwen nan Eta.”

Anplis de kredi pwodiksyon, egzansyon taks sou lavant anteryè a pou degistasyon nan brasri, sidri, etablisman divèn elaji pou enkli taks sou bwason alkòl ke pwodiktè yo ta dwe. Dispozisyon sa, ki anvigè touswit, te enkli tou nan Bidjè Eta 2016-17.

Si yon brasri ap òganize degistasyon nan etablisman l kote byè atizanal li pwodui a pou lavant tou, brasri a pap dwe okenn taks sou byè ke lap sèvi nan degistasyon an, ansanm avèk boutèy, bouchon ak etikèt ke yo itilize pou anbale byè a.

Sipò Gouvènè a pou endistri a – grasa refòm agresiv sou lwa ki te demode, nouvo efò maketing ak rekonpans, ak rediksyon sou fòmalye administratif —te obsève endistri a devlope 169 pousan, toupatou pami pwodiktè divèn, byè, bwason ak sidri yo nan tout eta, depi 2011.

Anplis, ti fabrikant atizanal byè ak bwason yo te ekonomize 1,755,950 nan frè enskripsyon pou etikèt mak depi 2013. Nan dat 17 desanm 2013, lejislasyon Gouvènè a pou egzante ti kantite bwason nan frè pou etikèt mak te antre anvigè, e li te ekoomize distilri atizanal New York yo \$526,250 jiska dat. Anplis, yon dispozisyon nan lejislasyon Gouvènè a sou kreye nouvo lisans brasri fèm te egzante egalman frè pou etikèt mak pou alafwa mikwo-brasri yo, ekonomize ti fabrikant atizanal yo \$1,229,700 depi lwa te antre anvigè nan dat 1ye janvyè 2013.

**Prezidan Fondasyon Wine & Grape Jim Tresize te deklare,** “Inisyativ sa se yon lòt egzant pou fason Gouvènè Cuomo ap itilize gouvènman antrepriz pou ede antreprenè yo nan endistri rezen ak divèn New York, sa ki deja jenere plis pase \$5 milya dola chak ane nan ekonomi Eta. Kredi taks sa pral ekonomize etablisman divèn yo lajan ke yo ka investè nan biznis yo epi kreye nouvo djòb. Nou apresye sipò sa grandman.”

**Prezidan Distilri Eta New York Guild Brian McKenzie te deklare,** “Apati eliminasyon frè enskripsyon pou mak etikèt pou rive nan eliminasyon lisans doub pou fèm distilri yo, Eta New York te fè gwo pwogrè nan koupe sou fòmalye administratif pou endistri distilri a. Ekspansyon kredi taks pwodiksyon an pral bay yon sipò anplis, ede endistri a kontinye grandi.”

**Direktè Egzekitif Asosyasyon Sidr Eta New York Jenn Smith te deklare,** “Kredi sou pwodiksyon Bwason alkòl la pwomèt pou stimile yon ogmantasyon nan etandi ak kalite pwodiksyon sidr toupatou nan eta. Anplis, lè nou elimine taks sou degistasyon yo ki te fèt kote yo fè ak vann sidr, Gouvènè a te fè entè-aksyon dirèk ant pwodiktè yo ak piblik la nan sal degistasyon sidr ki pi atiran.”

Wap jwenn plis enfòmasyon sou egzansyon pou degistasyon bwason alkòl yo disponib

[la](#). Wap jwenn plis enfòmasyon disponib sou pwodiktè bwason yo nan Eta New York disponib [la](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418